катура // Туркестанская правда. 7 декабря 1922 г; В органах юстиции Туркестанская правда. 8 мая 1924 г; Туркистонда адлия ишлари // Туркистон. 1924 йил 23 октябр.

11. Статистический ежегодник. – Москва: Типография МКХ, 1922. – 425 с.; Статистический ежегодник 1917–1923 гг. Т. I. – Ташкент: Изд-во ТЭС, 1924.– 451 с.; Статистический ежегодник 1917–1923 гг. Т. II. -Ташкент: Изд-во ТЭС, 1924. –С.600.

**РЕЗЮМЕ**

Мақолада Туркистон АССР адлия органлари фаолиятининг манбашунослик масалалари таҳлил қилинган. Бунда асосан адлия органлари фаолиятига тегишли манбалар алоҳида турларга ажратиб чиқилган. Манбаларнинг умумий ва ўзига хос жиҳатлари кўрсатилган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье анализируются источники деятельности органов юстиции Туркестанской АССР. При этом источники, связанные с деятельностью органов юстиции, делятся на отдельные типы. Показаны общие и частные аспекты источников.

**SUMMARY**

The article analyzes the sources of activities of the justice bodies of the Turkistan ASSR. At the same time, the sources associated with the activities of the justice authorities are divided into separate types. General and specific aspects of the sources are shown.

## SAYLAW HUQÍQÍ – PUQARALARDÍŃ SIYASIY HUQÍQÍ SÍPATÍNDA

**E.M.Tilewov** – *pedagogika ilimleri boyinsha filosofiya doktorı*
**M.K.Pirniyazova** – *assistent oqıtıwshı*
*Ajiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so'zlar:** davlat, jamiyat, shaxs, konstitutsiya, kodeks, demokratiya, referendum, aktiv saylov, passiv saylov, normativ huquqiy hujjat.

**Ключевые слова:** государство, общество, личность, конституция, кодекс, демократия, референдум, активные выборы, пассивные выборы, нормативно-правовые акты.

**Key words:** coutry, society, personality, constitution, code, democracy, referendum, active election, passive election, regulatory document.

Biziń mámleketimizdiń aldına qoyǵan maqseti – huqıqıy demokratiyalıq mámleket, puqaralıq jámiyet qurıw hám hár bir insan ushın múnásip turmıs jaǵdayın jaratıp beriw bolıp tabıladı.

Ózbekstanda mámleket hákimiyatı organlarına ótkiziletuǵın saylawlar demokratiyalıq tiykarda ótkiziledi. Ózbekstanda tereń tamır urıp baratırǵan demokratiya dúnyada tán alınǵan demokratiyalıq dástúrlerin ózinde jámlestiredi. Bul demokratiya hesh qanday milliy, rasalıq hám basqa sheklewlerdi bilmeydi.

Ózbekstan Respublikası Konstituciyasınıń 32-statyasında «Ózbekstan Respublikasınıń puqaraları jámiyet hám mámleket islerin basqarıwda tuwrıdan-tuwrı hám de óz wákilleri arqalı qatnasıw huqıqına iye. Bunday qatnasıw ózin-ózi basqarıw, referendumlar ótkiziw hám mámleket organların demokratiyalıq tárizde shólkemlestiriw, sonday-aq mámleket organlarınıń iskerligi ústinen jámáátshilik qadaǵalawın rawajlandırıw hám qáliplestiriw jolı menen ámelge asırıladı.

Saylaw, saylanıw túsinikleri búgin yaki keshe payda bolǵan emes. Bunıń tariyxı áyyemgi dáwirlerden baslanǵan. Saylaw túsinigi - wákillik organınıń dawıs beriw jolı menen dúziliw tártibi. Házirgi saylawlar túp mánisi menen aldıńǵılardan parıqlanadı. Házir saylaw huqıqı degende wákillik organların saylaw waqtında payda bolatuǵın qatnasıqlardı tártipke salıp turıwshı huqıqıy normalar jıynaǵı túsiniledi.

Saylaw huqıqı túsiniginiń jáne bir mánisi bar. Bul túsinik puqaralardıń saylawda qatnasıwı, wákillik organlarına saylaw hám saylanıw subektiv huqıqın belgilep beriw ushın qollanıladı. Bul jerde aktiv saylaw huqıqı menen passiv saylaw huqıqın túsiniw kerek.

Aktiv saylaw huqıqı – puqaralardıń saylaw wákillik organların saylawda qatnasıw huqıqın bildiredi. Passiv saylaw huqıqı – bul saylanıw huqıqı bolıp tabıladı.

Ózbekstan Respublikasında saylaw huqıqı óziniń huqıqıy tiykarlarına iye. Bul saylaw ótkeriw tártibin belgilewshi Ózbekstan Respublikası konstituciyalıq huqıqıy normalarınan ibarat. Bunday huqıqıy normalarǵa: Ózbekstan Respublikası Konstituciyası (23-bap), Qaraqalpaqstan Respublikası Konstituciyası (23-bap) babınıń saylaw haqqındaǵı normaları, Ózbekstan Respublikası Saylaw kodeksi hám basqa da saylaw processine tiyisli normativ-huqıqıy hújjetler kiredi.

Ózbekstan Respublikası Konstituciyasınıń 117-stat`yasında «Ózbekstan Respublikasınıń puqaraları mámleket hákimiyatı wákillik organlarına saylaw hám saylanıw huqıqına iye. Hár bir saylawshı bir dawısqa iye. Dawıs beriw huqıqı, óz qálewin bildiriw teńligi hám erkinligi nızam menen kepillenedi»dep kórsetilgen.

Saylaw kúnine shekem yaki saylaw kúninde 18 jasqa tolatuǵın, tiyisli saylaw uchastkası aymaǵında turaqlı yaki waqtınsha jasap atırǵan Ózbekstan Respublikasınıń puqaraları saylawshılar dizimine kiritiliw huqıqına iye. Hár bir saylawshı tek bir saylawshılar dizimine kiritiliwi mumkin. Hár bir puqara – saylawshı bir dawısqa iye. Ózbekstan Respublikası puqaraları jınısı, rasası hám milliy tiyisliligi, tili, dinge qatnası, sociallıq kelip shıǵıwı, isenimi, shaxsı hám sociallıq jaǵdayı, maǵlıwmatı, shınıǵıwınıń túri hám qásiyetine qaramastan, teń saylaw huqıqına iye.

Sonıń menen birge, sud tárepinen qatnasıqqa uqıpsız dep tabılǵan, sonday-aq awır hám oǵada awır jınayatlar islegenligi ushın sudtıń húkimi menen azatlıqtan ayırıw orınlarında saqlanıp atırǵan shaxslar saylawda qatnaspaydı. Basqa hár qanday jaǵdaylarda puqaralardıń saylaw huqıqların tuwrıdan-tuwrı yaki basqasha sheklewlerge jol qoyılmaydı.

Ózbekstan Respublikası Prezidenti saylawında Ózbekstan Respublikasınıń shet elde bolıp atırǵan puqaraları da saylaw huqıqına iye bolıp tabıladı. Ózbekstan Respublikasınıń shet el mámleketlerindegi diplomatiyalıq hám basqa wákilxanaları janında saylaw uchastkaları dúzilip, usı mekemeler baslıqları tárepinen sol mámleketlerde bolıp atırǵan Ózbekstan puqaralarınıń dizimi qáliplestiriledi. Bular puqaralardı saylawshılar dizimi menen tanısıw usılı, ornı hám waqtı haqqında xabardar etedi.

Nızamda shet mámleketlerde turǵan puqaralarǵa Ózbekstan Respublikasınıń shet el mámleketlerindegi diplomatiyalıq hám basqa wákilxanaları janında dúzilgen uchastka saylaw komissiyalarına olardı saylawshılar dizimine kiritiw haqqında saylawdan 15 kún aldın jazba formada yaki Ózbekstan Respublikası Sırtqı isler ministrliginiń rásmiy veb-saytı arqalı elektron formada múrájáát etiwi múmkinligi kórsetilgen.

Ózbekstanda saylawlardı ótkeriwdiń konstituciyalıq principleri ulıwma dúnya júzilik demokratiyalıq úlgilerge tolıq tuwrı keledi. Bul saylawlar ulıwma, teń, tuwrıdan-tuwrı, jasırın dawıs beriw jolı menen ámelge asırıladı.

Ózbekstannıń saylaw nızamshılıqları principleri Konstituciyaǵa tiykarlanadı, onda dúnya tájiriybesi hám de milliy tájiriybede esapqa alınǵan.

Saylaw huqıqınıń principleri tómendegilerden ibarat hám olardıń mánis-mazmunın tómendegishe túsindiriw múmkin:

Ulıwma saylaw huqıqı. Bul princip mánisine kóre, saylawlardıń ulıwmalıǵı, yaǵnıy Ózbekstan Respublikası Prezidentligine, Ózbekstan Respublikası Oliy Májilisi

Nızamshılıq palatası deputatlıǵına, jergilikli Keńesler deputatlıǵına saylawda saylaw kúni on segiz jasqa tolǵan Ózbekstan Respublikası puqaraları saylaw huqıqına iyeligin, sonday-aq puqaralar jınısı, rasası hám milliy tiyisliligi, tili, dinge qatnası, sociallıq kelip shıǵıwı, isenimi, jekke hám sociallıq jaǵdayı, maǵlıwmatı, shınıǵıwınıń túri hám qásiyetine qaramastan, teń saylaw huqıqına iye ekenligin ańlatadı.

Teń saylaw huqıqı. Bul princip saylawda qatnasıwshı hár bir puqara bir dawısqa iye bolıwın, dawıslar teńligin ańlatadı. Yaǵnıy, dawıslardı sanawda bir saylawshı dawısı basqası menen teńligin, birde bir dawıs basqasınan ústin emesligin kórsetedi. Sonday-aq, saylawda qatnasıwdaǵı teńlikti de qamtıp aladı.

Tuwrıdan-tuwrı saylaw huqıqı. Ózbekstan Respublikası Prezidenti, Nızamshılıq palatası deputatları, jergilikli Keńesler deputatları puqaralar tárepinen tuwrıdan-tuwrı saylanadı. Bul princip saylawshınıń tuwrıdan-tuwrı, yaǵnıy qandayda bir wákilsiz, tuwrıdan-tuwrı ózi dawıs beriwdi ańlatadı. Bir adamnıń atınan basqası dawıs beriwi bul principke qarsı esaplanadı.

Jasırın dawıs beriw huqıqı. Bul princip mazmunına kóre, saylawda erkin hám jasırın dawıs beriledi. Saylawshılardıń qálewin qadaǵalawǵa jol qoyılmaydı. Jasırın dawıs beriw saylawshınıń qálewi ústinen hár qanday tárizde qadaǵalaw imkaniyatın shetlep ótetuǵın tiyisli sharayatlardı jaratıw arqalı támiynlenedi.

Pútin saylaw kompaniyası keń áshkaralıq tiykarında dúziledi. Hár bir saylawshı saylaw dawamında saylaw okrugleri hám uchastkaların dúziwge, saylaw komissiyalarınıń quramı, komissiyalar jaylasqan mánzil hám jumıs waqtına, prezidentlikke, deputatlıqqa kandidaturalardı dizimge alıw, dawıs beriw hám saylaw juwmaqlarına baylanıslı xabardı izlew, alıw hám tarqatıw huqıqına iye.

Saylawshılar saylawda qatnasıp atırǵan siyasiy partiyalar hám ayırım kandidaturalardıń kelesi iskerlik dástúri menen tanısıw huqıqına iye. Saylaw huqıqına iye, qandayda bir siyasiy partiyanıń aǵzası bolmaǵan, deputatlıqqa kandidat yaki onıń isenimli wákili etip kórsetilmegen Ózbekstan Respublikasınıń puqaraları saylaw komissiyalarınıń aǵzası bolıwları múmkin.

Saylaw kúni óz turar jayında bolıw imkaniyatına iye bolmaǵan saylawshılar aldınıraq dawıs beriw huqıqına iye.

Salamatlıǵınıń halatı yaki basqa sebeplerge kóre dawıs beriw binasına kele almaytuǵın saylawshılar uchastka saylaw komissiyasına tiyisli iltimas penen múrájáát etiw huqıqına iye, bul komissiya dawıs beriwdi mine usı saylawshılar turǵan orında shólkemlestiriwi shárt.

2021-jıl 24-oktyabrde Ózbekstan Respublikası prezidenti saylawı bolıp ótti. Saylawda mámleket boylap 10 mıńnan artıq saylaw uchastkaları saat 8-00 den 20-00 ge shekem saylawshılardı qabıl etti. Saylawda jámi dizimge alınǵan 20 158 907 saylawshıdan 16 212 343 i, yaǵnıy saylawshılardıń 80,4 procenti dawıs berdi. Saylaw kodeksiniń 96-statyasına muwapıq, eger saylawshılar dizimine kiritilgen puqaralardıń 33 procenti dawıs beriwde qatnasqan bolsa saylaw ótken esaplanadı.

Ózbekstan Respublikasınıń hár bir puqarasına onıń saylaw huqıqların sud jolı menen qorǵalıwı, saylaw komissiyalarınıń, mámleket organlarınıń, lawazımlı shaxslardıń, jámáát birlespeleriniń nızamsız is-háreketleri ústinen sudqa shaǵım etiw imkaniyatları kepillenedi.

Kúsh isletiw, aldaw, qorqıtıw arqalı, yaki basqa jollar menen puqaralardıń saylaw hám saylanıw, referendumda qatnasıw, saylaw aldı agitaciyasın alıp barıwdan ibarat huqıqlarınan paydalanıwlarına tosqınlıq etiw, sonday-aq hujjetlerdi qálbekilestiriw, dawıslardın bile tura tuwrı emes sanaw, referendum haqqındaǵı, Prezident saylawı haqqındaǵı, hákimiyattıń wákillik organlarına saylaw haqqındaǵı nızamlardın ózgeshe tárizde buzıw Ózbekstan Respublikasınıń nızamlarına muwapıq juwapkerlikke tartıwǵa sebep boladı.

Ózbekstan Respublikası Hákimshilik juwapkershilik haqqındaǵı kodeksiniń $V^1$ babı «Saylaw hám referendumdı shólkemlestiriw hám de ótkiziw tarawındaǵı huqıqbuzarlıqlar ushın hákimshilik juwapkershilik» dep atalıp, ol $51^2$-statyasınan $51^9$-statyaların óz ishine aladı. Bunda, puqaralarǵa bazalıq esaplaw muǵdarınıń 3 barabarınan 10 barabarına shekem, lawazımlı shaxslarǵa 3 barabarınan 20 barabarına shekem muǵdarda járiyma sharaları kórsetip ótilgen.

Ózbekstan Respublikası Jınayat kodeksiniń 146-statyası «Saylaw yaki referendum shólkemlestiriw, olardı ótkiziw haqqındaǵı nızamshılıqtı buzıw» dep atalıp, bunda bazalıq esaplaw muǵdarınıń 25 barabarına shekem muǵdarda járiyma, 360 saatqa shekem májbúriy jámáát jumısları, 3 jılǵa shekem miynet dúzetiw jumısları yaki 1 jıldan 3 jılǵa shekem azatlıqtı sheklew yamasa 2 jılǵa shekem azatlıqtan ayırıw jazası;

147-statyası «Saylaw yaki saylaw huqıqınıń yaki isenimli wákil wákilliginiń ámelge asırılıwına tosqınlıq qılıw» dep atalıp, bunda 480 saatqa shekem májbúriy jámáát jumısları yaki 3 jılǵa shekem miynet dúzetiw jumısları, 2 jıldan 5 jılǵa shekem azatlıqtı sheklew yamasa 5 jılǵa shekem azatlıqtan ayırıw jazası menen jazalanıwları kórsetip ótilgen.

Mámleketimizde saylaw mádeniyatı, sonday-aq jámiyetimizdiń, hár bir shaxstıń siyasiy mádeniyatında milliy tájiriybeler arqalı qáliplespekte.

Hár bir shaxs óziniń saylaw mádeniyatı-siyasiy mádeniyatın kórsetken halda – eń ılayıqlı, eń bilimli, sawatlı, xalıq mápin gózleytuǵın kandidatqa dawıs beriwi kerek. Sonda ǵana ol siyasiy mádeniyatlı, saylaw mádeniyatına iye shaxs bolıp esaplanadı hám mámleketimizdiń hár tárepleme rawajlanıwına óz úlesin qosqan boladı.

## Ádebiyatlar


1. Ózbekiston Respublikasi Konstitutsiyasi. -T.: «Ózbekiston», 2017.
2. Ózbekiston Respublikasi Saylov kodeksi. -T.: «Adolat», 2021.
3. Ózbekiston Respublikasi Jinoyat kodeksi. -T.: «Adolat», 2021.
4. Ózbekiston Respublikasi Mámuriy javobgarlik toǵrisidagi kodeksi. -T.: «Adolat», 2021.



**REZYUME**

Maqolada Ózbekiston Respublikasida fuqarolarning saylov huquqlari, saylov madaniyati, mamlakatimizda saylovlarning demokratik tarzda olib borilishi, saylov tamoyillari va ularning amalga oshirilishi, saylov me'yorlarini buzganlik uchun qonunchilikda belgilangan javobgarliklar tadqiq qilindi.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматриваются избирательные права граждан, культура и демократичные принципы проведения выборов и их реализация, а также ответственность, установленная законом Республики Узбекистан, за нарушения избирательных норм.

**SUMMARY**

The article discusses the electoral rights of citizens, culture and democracy, the principles of holding elections and their implementation, as well as the responsibility established by the law of the Republic of Uzbekistan for violations of electoral norms.